

REGIPIOEN LENGGANAN  
 SWARA - TAMA :  
 1 taon . . . . . f 6.—  
 1/2 " . . . . . f 3.— } njoewoen ka-  
 3 woelan . . . . . f 1,50 } bajar roemijin.  
 Kénging mbajar saben woelan )  
 RAGAD ADVERTENTIE :  
 1 katja . . . . . f 36.—  
 1/2 " . . . . . f 18,65.  
 1/4 " . . . . . f 9,75.  
 1/8 " . . . . . f 5,25.  
 Saladjengipoen : saben 1 cm<sup>2</sup> . . . . . f 0,03;  
 sekedik - kedikipoen : f 1,50.  
 Kabar premili alit - alitan : f 1.—  
 Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-  
 san, oetawi dados lengganan, tepang rembag  
 roemijin kalijan administratie.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemewah.

Hoofdredacteur:  
**A. DJAJASEPOETRA**  
 kabantoe  
 REDACTIE - COMMISSIE.  
 Adrèsiipoen Redactie lan Administratie  
**IGNATIUS-COLLEGE**  
**DJOKJAKARTA**  
 Telefoon no. 795.  
 Drukkerij „Canistius“ Dfokja.

### DIPOENSABAR.

Margi wonten karanganipoen Rama ten Berge ngrembag bab Panoetanipoen sadèrèk Islam ingkang kamot ing Studièn, samangké ing djagad Islam ramé, djalaran roemaos Panoetanipoen kasesoraken.

Ing serat-serat kabar sanadjan ingkang nétral inggih toemoet tjawé-tjawé kadosta Bahagia no. 166 (30 Juli 1931) ingkang njaroedjoedik dateng toewan S ing Sg. P.

Koela pijambak ngakeni: tijang ngagesang poenika boten kénging pojok-pinojak, boten kénging natjad dateng Panoetaning ngasanès. Namong ingkang kados makaten poenika oegi kedah dipoenmanah mawi nalar wening, awit saged oegi tijang njerat oetawi witjanten anggepok Panoetaning sanès, boten dipoensengadja mojoki, kados tjarijosiipoen sadèrèk B ing *Hoa Kio*, nanging ingkang gadah Panoetan ladjeng mampang - mampang, roemaos dipoensesoraken.

Poenapa sadèrèk Islam boten wonten ingkang ngasoraken Panoetanipoen bangsa Katoelik? Ing Correspondentieblad no. 4, April 1931 katja 6 lan 7 njamèkaken Goesti Jésoes kalijan Baal. Indjil dipoenggelaken plagiat. Ing Correspondentieblad no. 9 September '30 ing katja 2 de Evangelien hebben een onhistorisch karakter.

Poenapa ingkang kados makaten poenika boten ateges mojoki?

Ewasamanten poenapa tijang Katoelik ladjeng mampang - mampang? Protest? Boten.

Kalijan malih, seratanipoen Rama ten Berge wonten tijdschrift Studien ingkang kawedalaken ing nagari Wlandi teka dipoenajoni, mangka ing Encyclopaedie van Nederlandsch Indië 1e, druk ingkang kawedalaken déning Professor P. A. van der Lith katja 572 ing temboeng „Mohamedanisme, VI zedeleer“ sarta 2e, druk 1918 ing temboeng „Islam“ katja 161 wonten pangawon - awon (samanten poenika jèn poeroen nganggep pangawon - awon) dateng Panoetanipoen sadèrèk Islam. Poenapa Encyclopaedie waoe boten dipoentandjini? Poenapa boten wonten ingkang njoewoen dateng Paréntah soepados ngawisi wedalipoen Encyclopaedie waoe? Poenapa para sadèrèk anggénipoen boten mampang<sup>2</sup> waoe margi dérèng naté maos? Mangga koela atoeri maos.

Menggah perloenipoen koela atoeri maos, soepados *sabar*. Poenapa ing agami Islam boten moelngaken kasabaran? Katjrijos, nal ka Panoetanipoen sadèrèk Islam dipoenkoejakoewa, dipoenawon - awon, tansah ngatingalaken sabaripoen. Poenapa sadèrèk Islam boten poeroen niroe? Mila pamrajogi koela: *Dipoensabar*. Petrus Soeradja.

### PRADJA RAHAJOE.

#### ACTIE KATHOLIEK.

Sampoen marambah-rambah titel ing nginggil poenika kabèbèr wonten ing kala warti kita Swara Tama; nanging réhning actie Katholik makaten kedah tansah toemantjeb ing telenging sanoebari kita, wiwit ingkang djentik doemoginipoen ingkang djempol<sup>2</sup> minggahipoen para dengkoel<sup>2</sup>. Mila kados boten wonten awonipoen, manawi asring<sup>2</sup> dipoentjoenggelaken malih, minangka kanggé panggoegah lan pametjoet soepados kita tansah toemandang ing damel mawi dadasar; Actie Kath.

Sareng koela djinggleng lan koela limbang<sup>2</sup> noenten koela saring, djebolipoen actie Kath. makaten mengko toedjoe 3 bab, inggih poenika:

- a. Nngangkah moerih kaloehoeran Dalem Goesti Allah.
- b. Nngangkah moerih koentjaranig Iboe Pasamoewan Soetji.
- c. Nngangkah moerih rahadjenging sasami, inggih rahadjenging bangsa.

Tigang bab poenika kénging karingkes dados satoenggal, inggih poenika: Moehoeng kaloehoeran

Dalem Pangéran.  
 Djalaran saking poenika actie Kath. saestoe loehoer, moeloe djangkaniipoen, djembar tebanipoen, saged dipoenlampahi ing kadang kita Kath. kakoeng poetri, wreda moeda, doemoginipoen laré alit pisan.

Actie Kath. saged dipoenlampahi, sadèrèk kita Kath. ingkang miskin, ingkang hartawan, ingkang djentik, ingkang djempol, ingkang kasinoengan pangkat inggil oetawi andap, tjekak boten mawang tijang soegih oetawi miskin, bodo oetawi pinter, sok oegi poeroen mesti sagedipoen. Lan kita boten badé godjag-gadjeg: sing dak tindakaké iki actie Kath. apa doedoe, oegeripoen tansah gondélan tigang bab ingkang koela atoeraken ing nginggil waoe.

Réhning kita kaparingan talènten pijambak<sup>2</sup>, lan talènten waoe kateh-kedikipoen boten sami, mila anggén kita toemandang ing damel mawi actie Kath. inggih sarana talèntenipoen pijambak<sup>2</sup>. Ingkang kagoengan dasar saged ngemoedèni pakempalan, saged nandangi actie Kath. sarana nggeboer ing madyaning pakempalan. Ingkang kasinoengan dasar pinter ngarang<sup>2</sup>, saged nggeboer wonten ing serat<sup>2</sup> kabar Katholik oetawi nandangi mortal Bibliothek ingkang sakinten migoenani dateng sasami. Déné ingkang kasinoengan saged mitjara, saged ngetjakaken actie Kath. sarana mbilasak<sup>2</sup> ndjembaraken Kraton Dalem toeroet doesoer. Ingkang kaparingan dasar remen toetoewi, saged nindakaken actie Kath. sarana anggénipoen toewi tijang sakit, noewèni sadèrèkipoen ingkang sampoen satengah soepé dateng Goesti, soepados kagoegaha manahipoen. Ingkang kaparingan hartawan, saged ngetjakaken actie Kath. mawi bandanipoen. Ingkang namong saged sembahjang tok oepaminipoen, inggih saged mawi dadamel anggénipoen remen sembahjang, makaten saladjengipoen.

Déné kadang kita wanita ingkang boten saged loeloemban wonten madyaning djaman pergerakan djalaran sampoen kabotan soengoe, saged ngetjakaken actie Katholik wonten ing maatschappij-nipoen pijambak, inggih poenika wonten koekoebaning brajatipoen sarana noentoen brajat waoe tjara Katholik sadjatos: langkoeng-langkoeng saged ngenaken nggoela-wentah poetra-poetranipoen sarana toelada lan tjrita ingkang saé-saé, moerih ing tembé saja katah sawoeng<sup>2</sup> ingkang nggeboer wonten ing klooster oetawi dados missionaris-ing Pasamoewan Soetji, nandangi actie Katholik toelèn.

Mila para sadèrèk, mangga sami ngeroebaken actie Katholik, nglèbètaken actie Katholik mawi talènten-ipoen pijambak<sup>2</sup>, kanggé kaloehoeran Dalem lan rahadjenging Noeswantara.

Taklim koela Tjantrik Plawangan.

### PANGGOELA - WENTAH

#### PANGGOELA - WENTAH KALIJAN PADVINDERIJ.

Ing riki ingkang koela kadjengaken *padvinderij* (Kepandoean), inggih poenika satoenggilng babadan (pakempalan) ingkang nggadahi sedyo nggoela-wentah laré-laré soepados dados saé lan remen (*sregep*) *njamboet damel*, sarta nggoela-wentah soepados laré-laré nggadabana wawatekan *soetji*, *bekti* dateng *Goesti Allah*, *tresna asih*. lan sanès-sanèsipoen.

Koela kamipoeroen matoer ingkang semanten waoe, awit taksih katah para kadang koela moeda oetawi para sepoeh ingkang kagoengan panjinten, bilih pakempalan *padvinderij* poenika satoenggilng pakempalan tetironing serdadoe: „*baris mawi naboh tamboer, mlampah djédjèr, manganggé kados veldpolitie lan sapanoenggilanipoen*“, poenika panginten klèntoe. Mila pantjèn kapara njata piwoelang-piwoelang katah ingkang kapendetaken saking kamilitèran. Pramila boten nggoe-

moenaken, awit ingkang ada-ada ngawontenaken pakempalan *padvinderij* poenika satoenggilng tijang ingkang sampoen naté dados Militèr, inggih poenika sang kalokèng rat *Sir Boden Powell*, Mitoeroet babadipoen, pramila pandjenenganipoen medal anggénipoen dados Militèr, perloe namoeng njingkiru panggoela-wentah peksan; déné péranganing *padvinderij* kados boten perloe koela atoeraken ing riki, awit sampoen naté kawrat ing Sw. T. no. 18 tanggal 1 Mei 1931. Déné piwoelang ingkang katiroe poenika namoeng inkang perloe-perloe kémawon toer ingkang migoenani kanggé nggoela-wentah laré-laré; kadosta: „*Soepados laré nggadahi manah tatag, gatèkan, boten adjrihan, landeping paningal* (Poenapa-poenapa ingkang mentas dipoentingali, oepami ladjeng kapoerih nggambar, temtoe sagedipoen)“. *Padvinderij* poenika boten gadah sedyo dateng kamilitèran (*het doel der padvinderij is niet naar het Militarisme*), nanging kosok-wangsobelpoen, badé ngoedi njatoenggalaken tentreming bawana, *Padvinderij* nggoela-wentah laré-laré saha tijang<sup>2</sup> poenika pantjèn satoenggilng sedyo ingkang loehoer.

Déné tjara-tjaranipoen nggoela-wentah toewin moelang, ing riki boten kados wonten ing sekolahan, anangin, srana *dolanan* (*spelenderwijs*). Mila inggih boten nggoemoenaken bilih pakempalan *padvinderij* poenika dipoensengingi déning laré-laré saha tijang-tijang.

Saben dolananing *padvinderij* poenika wonten goestiipoen kanggé nggoela-wentah, samanten waoe bilih anggénipoen nindakaken kanti *ngatos-atos* lan *andap-asor*. Satoenggilng panggoela-wentah (ingkang nggoela-wentah) kedah mangertos goenanipoen (aosipoen) satoenggal-toenggal dolanan (piwoelang) toemrap laré-laré waoe, sarta boten kénging namoeng tansah dados tetingalan ingkang njenengaken kémawon. Toemrap wonten ing sekolahan, *padvinderij* poenika satoenggilng kekijatan ingkang ageng pijambak, poenapa malih bilih kalihipoen waoe njamboet damel sasarengan, temtoe saged adamel oetamaning panggoela-wentah. Ananging kita kedah ngémoeti, bilih nggoela-wentah poenika dédé satoenggilng pakarjan ingkang gampil, oetawi saged kadoemoengén sedyo kita ing dalem setaen oetawi kalih kémawon.

Menggah srananipoen wonten tiga, inggih poenika:

1e. Kita kedah mangertos kadospoendi toedjoening panggoela-wentah ingkang salaras kalijan toedjoening gesangipoen ingkang sedjatos.

2e. Kita kedah tresna teroesing manah dateng ingkang dipoennggoela-wentah.

3e Kita kedah kanti soetjining manah anggénipoen nindakaken koe-wadjibanipoen.

Koewadjibaning satoenggilng panggoela-wentah oetawi panoentoen, inggih poenika kedah njoe-kani kalonggaran (kamardikan) dateng ingkang kagoela-wentah, soepados watak-watak ingkang saé sageda toekoel lan soeboer, sarta kedah ngajomi soepados ingkang kagoela-wentah waoe sampoen ngantos risak déning sasawoenganipoen nalika taksih moeda. Tijang sepoeh boten kéning noeloeng kasoesahaning anak, \*) kadjawi manawi perloe sanget. Kita kedah ngagengaken manahipoen soepados laré waoe

\*) Nanging poenika boten sadaja prakawis.

Geboren  
 Woensdag 22 Juli 1931 te 7.30  
**Richardus Kaptin**  
 D. Prawiraadisoemarta  
 en  
 Echtgenoot.  
 Parakan.

saged nanggoelang kasoesahan srana boedinipoen pijambak.

Srana lampah ingkang kados ing nginggil poenika dangoe<sup>2</sup> laré ladjeng badé saged saja kijat (santos) bilih pinoedjoe nandang kasoesahan.

Panggoela-wentah peksan lan paekoeman, kalih-kalihipoen sami déné dedamel ingkang mandi pijambak toemrap djaman kina, nanging toemrap djaman sapoenika kedah dipoentjah, kagantos déning *katresnan* lan *kasoejtjan*. Mila pantjèn langkoeng gampil meksa tijang soepados manoe mitoeroet srana dipoenadjrih - adjrihi, langkoeng-langkoeng bilih laré (tijang) waoe dasaripoen adjrihan. Nanging panggoela-wentah ingkang kados makaten poenika *mbebajani* toemrap gesang ing laré, langkoeng-langkoeng ojata malih toemrap kamadjenganing gesangipoen.

Saking pamawas koela panggoela-wentah peksan poenika toemrap djaman sapoenika sampoen boten mateok, awit anak-anak kita ing djaman sapoenika sami ngoedi serepaman toewin kamardikan.

Sok tijanga temtoe sampoen klebetan manah kamardikan.

Tjobi mriksanana kagoemoenaning para sepoeh-sepoeh, bilih priksa poetraniipoen ingkang boten mitoeroet préntahing tijang sepoehipoen, samanten waoe bilih katandjing kalijan nalika alitipoen.

Raos kamardikan mila pantjèn sampoen mlebet wonto ing sanoebaring manahipoen para moeda.

Poenika mila satoenggilng prakawis ing kalanganing kamadjenganipoen bangsa, ingkang temtoe kambah déning sadéngahing bangsa, toemrap ingkang kapréntah sarta ingkang boten kapréntah.

Samanten oegi ing salebeting panggoela-wentah, kamardikan sampo wekdalipoen dados dasaring panggoela-wentah. Inggih toemrap ing sekolahan, *kepandoean* (*padvinderij*), *pakempalan* toewin toemrap ing *papréntahan*.

Njoe-kani kamardikan dateng laré ingkang taksih alit poenika, tegesipoen boten kait sakadjengipoen dipoenkèndelaken kémawon, poenika boten babar pisan; ananging laré taksih perloe mawi *katoentoen* toewin *kadjagi*. Déné panoentoenipoen toewin pandjaginipoen boten kados noentoen *maésa*, nanging kinten-kinten tjaranipoen kados déné *Radyan Rimbyatmadja ndjangkoeng dateng bambang Abimanjoe*. Bambang Abimanjoe kedah lalampah kanti mardika. Ing wekdal bambang Abimanjoe lalampah poenika badé pikantoe seserepang langkoeng katah, béda sanget bilih panoentoenipoen kados noentoen *maésa*.

Kasoesahan, kangélan, kesenangan poenika perloe sanget toemrap djaman kamadjengan. Manawi sabensaben manggih kasoesahan tijang sepoeh noeloengi, sampo temtoe laré badé *kendo*, awit namoeng tansah ndjagèkaken pi oeloenganing tijang sepoeh. Tegesipoen: „*katresnaning tijang sepoeh ndadosaken kasoesahan toewin siksian toemrap dateng poen laré*“. Babasanipoen: „*welas tanpa alis*“.

Sampoen samanten kémawon, moegi otjéhan koela waoe sageda migoenani dateng para maos, sarta sampoen kirang pangaksama.

Koela poen: *Oemarmojo*.

Noot Ngipoek-ipoek kamardikan tok poenika dérèng nama anggoela-wentah; nanging andadosaken laré dados tijang saé, — jèn tjara Katoelik, dados tijang Katoelik tandes doemogi ing baloeng soengsoem — poenika ingkang dados pandamelanipoen tijang sepoeh. Mila prajogi sanget jèn katoedi, soepados laré poenapa kémawon ingkang dipoenlampahi, nglampahana kanti mardika, tegesipoen: *medal saking kadjengipoen pijambak*. Nanging poenapa ingkang kedah dipoenlampahi, laré kadang kala boten soemerep, boten ngad engaken, malah kadang kala ingkang dipoenkadjengaken soelaja kalijan ingkang kedah dipoenlampahi. Ing ngriki laré qenah kedah kapeksa. Laré sapoenika lan bédjengipoen kedah saged netepi kanti gampil angger-angger kaping 4 dawoehing Allah!

### ISIN IPOEN:

Dipoensabar — Actie Katholik — Panggoela-wentah lan *Padvinderij* — Kepandoean Bangsa Indonesia — Saking pakempalan — Film Djakarta — Serat kintoean — Ana sing nandang enz. — Goentingan pers — Pangandika dalem K.S. Bapa Leo XIII — Ootjèn sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

### GOENTINGAN PERS.

#### O. ratoening djagad.

Serat kabar, . . . . . margi koe-wasanipoen sineboet ratoening djagad. Bregas ta inggih seseboetanipoen?

Nanging, éman déné katah kémawon serat kabar ingkang ladjeng malebet ing loewangan koeboer.

Poenapa sababipoen?

Nembé poenika, wonten warawara saking dirèksi *Soera Indonesia*, oenjelipoen kados ing ngandap poenika:

Dengan amat menjesalja kami atoe bertahoe kehadapan padoeka jang Soera Indonesia soedah tidak diterbitkan lagi: 1. Dari pihak abonnee jang sebagian besar kami tidak mendapat sokongan dengan sepatoenja, ternjata banjak sekali wang langgan jang tidak masoek.

2. Hoofdredacteur terpaksa mengoendoerkan diri dari sebab makin tambah pederdaannja sendiri, sedang mengadakan Hoofd Redacteur lagi kami tidak mampeo membarj dengan sepatoenja.

Berhoeboeing alasan jang terseboet, terpaksalah kami berdjalan demikian. Bila kiranja lain waktoe sekalian keberatan terseboet diatas soedah bisa dihilangkan, scedah tentoe S. I. akan mengoendjoengi padoeka lagi.

Kemoedian kami mohon diperbanjak ma'af.

Ing riki tétéla sanget ngedegaken serat kabar langkoeng gampil tinimbang ngreksa widadaning serat kabar.

Nanging, sanadjan djoeroe pangreksanipoen toemandang temenan, ngantos dipoenréntjangi teken djangoet soekoe djadja, . . . . . manawi ingkang dipoenreksa loemoeh anetepi wadajib, inggih . . . . . tanpa goena. Ingkang dipoenreksa lan ingkang ngreksa, kedah sami kijatipoen. Sami déné ngreksa djedjenging adegipoen ratoening djagad.

Mangertos ing wadajib, plichtbesef, pantjèn perloe dipoenlebetaken saestoe!

Pandjenengan kraos? Boekalah dompet toean, pergi ke kantor pos, dan kirim oeang lengganan kepada Adm. Sw.T.

Prendjak Mataram.

### KEPANDOEAN BANGSA INDONESIA.

(bab *padvinderij* Indonesia, kintoean saking Algemeen Secretariaat).

Anak-anak kita tidak akan berdiam anak-anak sahadja.

Anak-anak kita telah ditakdirkan menjadi manoesia jang moelja.

Anak-anak kita akan meneroeskan pederdajan kita.

Kita orang dewasa diwadajibkan oleh nenek mojang kita jang amat moelja oentoek meneroeskan pada anak-anak kita harta poesakanja.

K. B. I.:

Badan Persatoean dari organisasi-organisasi kepandoean Nasional jaitoe PANDOE KEBANGSAAN, INDONESISCH NATIONALE PADVINDERS ORGANISATIE dan PANDOE PEMOEDA SOEMATERA.

Badan (K)epandoean (B)angsa (I)ndonesia terbagi dalam doa belah:

1. *Perkoempoelan* K. B. I.
2. *Organisasi* K. B. I. (badan kepandoean).

Ad. 1. *Perkoempoelan* K. B. I. beranggota hanja orang dewasa belaka, jang sebelomnja masoek dalam K. B. I. telah mempoenjaj tjinta terang terhadap pada Tanah-air dan Bangsaanja. Koempoelan orang-orang

# SAKING PAKEMPALAN.

PAREPATAN WARGA K. W. ING BARA 2 AGOESTOES 1931.

- I. Kabikak djam 10.
- II. Ingkang rawoeh: wakil pamaréntah 2, warga 24, stem 3, tamoe 5, ingkang nger-sakaken dados warga 1.
- III. Rembag - rembag lan poetoesan:
  1. Gandèng pindahipoen sadèrèk F. S. Martasoenarja, ladjeng gantos secretaris.
  2. Para warga kaadjak nggeboer ombjangan djaman, mrenahaken gesang mitoeroet pergerakan ingkang dipoenalami, kedah poeroen damel pakempalan, aqegaran kalawarti.
  3. Panggoela-wentahing anak, kedah ngengeti:
    - a). Ngoedi kasarasaning badan.
    - b). Ngoedi saening watak.
    - c). Ngoedi soepados anak waoe ing tembé winking gesang saminipoen.
    - d). Ngoedi soepados saged damel renaning panggalih Dalem Goesti Allah lan migoenani ing oemoem.
  4. Ngeningaken panggalih kagem nimbang-nimbang gesang kita ingkang pamedalipoen boten sami katah kedikipoen, teka sadaja-sadaja inggih dawah trep. Golonging pang-gagas sami saroejoeq ngedegaken actie bi-bliotheek, nglempakaken boeke ingkang isi kawroeh ingkang migoenani toemrap djaman samangké. Angsal warga 15, saben warga katarik entree f.0,25, Katarik contributie f.0,05 saben woelan.
  5. Verslag committe Pangroeti - Laja, ran-tjating rembag, sami dipoeadjeng para sadèrèk sanalika toemrap. Pikantoeq warga 13, réhing barang perloe, mila badé dipoemantengaken parepatan tjandakipoen.
  6. Wiwit titi mangsa woelan Augustus 1931, sampoen mbikak avondcursus kanggé sadèrèk sepoeh - sepoeh, sampoen angsal moer-rid 52.
  7. Parepatan katoetoeq djam 12.15', kanti ngloehoeraken Asmaning Pangéran.  
Pangrèh énggal  
F. S. Padma.

N.B. K. W. toeroes djagongan bajèn, lair-ipoen tjabang P. P. K. D.

W. K. ING SOERAKARTA.

Nalika tanggal 30 Juli ngawontenaken parepatan warga wonten ing vergaderzaal ngadjeng Koesoemojoedan.  
Ingkang rawoeh sadèrèk 32, tamoe 1, oetoesan saking K. W. 1. Déné pandjenenganipoen Rama Parampara oegi boten kantoen.  
Parepatan kabikak déning pangarsa wantji djam 5 sonten kados adat saben.  
Ingkang karembag:  
I. Ngabahaken notulen.  
II. Pakabarane: Ngrembag tentoonstelling wonten ing Sekaténan. Gagajoetan lan se-kedik wkdal lan saja tjelaking Congres P. P. I. I. wonten ing Soerakarta C. P. P.

dewasa dan orang-orang yang ber-soemangat nasional ini mengadakan „kalangan dan kesempatan oentoeq pemoeda Indonesia sadaja, dimana pemoeda kita dapat mendjalankan permainan pandoe“.

Kalangan dan kesempatan sebagai taman permainan boeat pemoeda kita jaitoe ORGANISASI K. B. I. separonja dari badan K. B. I.

Ad. 2. Organisasi kepandoean K. B. I.

Kita melihat sekarang anak-anak Indonesia ta dipandang asal dera-djat dan agamanja berkoepoel dalam soeatoe kalangan dimana mereka mendjalankan permainan pandoe. Daerahnja, dimana pemoeda kita menderjakan permainan pandoe ini, dibatas-batasi oleh PER-KOEMPOELAN K. B. I. (orang dewasa) dan garis batas ini akan dihormati baik<sup>2</sup> oleh pemoeda - pemoeda kita.

Dalam daerah ini (badan organisasi) anak-anak kita dengan pertolongan orang-orang dewasa mem-poenjai kemerdekaan yang loeas dalam mendjalankannya permainan pandoe dengan pimpinannya Kwartier Besar.

Toedjoean.  
Toedjoean dari Kepandoean Bangsa Indonesia termoeat dalam fasal tiga dari Anggaran Dasar:

„Perkoempoelan ini berichtiar toeroet mendidik poetra dan poetri Indonesia agar soepaja dikemoedian hari mereka dapat menjadi anggota pergaolan hidoep yang bergoena dan tjakap, dan akan menjadi pembela Tanah - air yang sedjati“.

Toeroet mendidik. Dengan „toeroet“nja ini, perkoempoelan K. B. I. mengakoei adanja lain-lain badan atau kalangan dimana anak-anak kita mendapat pendidikan.

Badan dan kalangan pendidikan yang diakoei jaitoe ROEMAH TANGGA ORANG TOEA dari anak-anak dan TEMPAT BELA-DJAR (sekolahan). Toeroetnja mendidik dari perkoempoelan K. B. I. itoe artinja toeroet mengoetkan dan memperkokohkan segala tjita-tjita, yang baik bagi anak Indonesia, dan yang terkandoeng dalam tjara-tjaranja mendidik dari orang toea kita dan kaodem ahli mendidik. Dan tidak-tidaknja perkoempoelan K. B. I. akan mengisi segala kekoerangan dalam tjara pendidikan anak-anak kita menoeoet tjita - tjita zaman dan Tanah - air, dengan per-boeatjan yang sehat dan bersandar atas kemoenoesian belaka.

Orang bergoena dan pembela Tanah-air. Toedjoean ini ialah bersandar atas kemoenoesian yang soetji bagai dasar hidoep yang terang dan sehat boeat doenja manoesia soe-moemnja. Inilah artinja, pengakoean bahwa kita memoenjai asal oesoel yang amat moelja dan jang SATOE:

- I. I. ing Soerakarta ngrékadaja, sageda ing wkdal Sekatén poenika kita angsal arta sakedik-sakedik. Lan inggih kalampahan oegi C. P. P. I. I. ngawontenaken handwerk-tentoonstelling inggih poenika saking Aisjah, Wanita-Katholiek, Santjaja-Rini toewin Wanita-Oetama. Papadjeng katjowok 20%. Ingkang 15% kanggé tjalon Congres P. P. I. I. ingkang 5% katoer Commissie Sekatén.
- III. Maria - Congregatie. Nitik kawontenan ingkang sampoen kalampahan, inggih poenika woetjalan ing dinten Rebo, Padoeka Rama H. Koch sampoen paring pangandika, manawi para warga sami netepi kados wangi-wingi lan saja mindak kasregepanipoen, samangsa pandjenenganipoen Rama Superior A. van Kalken rawoeh angdjawi malih, Rama Parampara badé njoewoen, soepados ing Solo ladjeng kaparenga njoewoen madegipoen Maria - Congregatie kanggé para wanita.
- IV. Poetoesan saking P. P. I. I. dèrèng saged ngatoeraken, awit saking moendoring Sekatén.
- V. Oetoesan saking K. W. moendoret priksa sakedik, poenapa ingkang dados woh-ipoen toewin ginanipoen Congres, mbokmanawi mangké saged mewahi ngrengsenging para warga anggenipoen sami badé njamboet damel sasarengan ngawontenaken Congres poenika. Panitra kapeksa tjoes katrangan sakedik bab poenika, nanging inggih namoeng sasagedipoen. Sadèrèk pangarsa oegi tjoes wangsoelan sakedik, poenapa déné pandjenenganipoen Rama Parampara oegi boten kantoen paring katrangan badé wohing Congres poenika sarana paring toelada warni<sup>2</sup>.  
Kabekta saking poenika para warga sampoen sami katingal marem bab poenika. Langkoeng malih sadèrèk oetoesan oegi paring katrangan moerih ndadosaken tjeta, damang toewin katiakoeing rembag<sup>2</sup> toewin poetoesaning Congres poenika lan oegi paring toelada oepami bab wajoeh lan dradjiding para wanita.
- Pangarsa matoer noewoen dateng oetoesan poenika, déné karsa adamel tjeta-gambanging para warga ing bab kawontenanipoen Congres.
- VI. Oesoel<sup>2</sup>. Sadèrèk Th. Hardjoesobroto oesoel, soepados kala mangsa ngawontenana handwerk, lan ladjeng katindakna sasarengan, moerih kita saged saja raket pasadèrèkan kita lan mitoeloengi oegi, bokbilih wonten handwerk - tentoonstelling samangsa-mangsa.
- Oesoel katampi, lan minggoe ngadjeng ladjeng toeroes katindakaken. Ingkang katoedjing koewadjan kasoewoenan toeloeng inggih poenika sadèrèk F. Soemarijan, sad. L. Soemarni, sad. V. Soemarti toewin sad. Clara.
- VII. Kinten<sup>2</sup> djam 1/2<sup>2</sup> parepatan katoetoeq kanti wiloejdeng kados adat saben.

Verslaggeefster Th.

1. Kita bertoeempat darah satoe Tanah - air Indonesia.

2. Kita berbangsa satoe bangsa Indonesia.

3. Kita berbahasa satoe bahasa Indonesia.

Karena asal oesoel kita satoe wadji kita hidoep jang bergoena satoe sama lain saudara dan dengan tidak meloepakan asal oesoel kita jang maha loehoer.

Kemoean. Dengan ringkas inilah kemoean perkoempoelan K. B. I.: Memoeljakan kemoenoesian soe-moemnja dengan tjara - tjara mendidik anak-anak Indonesia bersamasama dengan orang-orang toeanja dan lain-lain orang ahli mendidik dan tjara - tjara ini ialah sesoeai dengan asal oesoel kita dan tjita-tjita zaman.

Oesaha.  
Fasal 5. dari Anggaran Dasar membilangkan: K. B. I. beroesaha oentoeq mentjapai maksoednja dengan djalan demikian:

a. membangkitkan keinsjafan dan memperkoetkan perasaan tjinta kepada tanah - air dan bangsa, dan tjinta kepada keboedajaan kebangsaan.

b. membangkitkan dan mendidik tabeat dan boedi pekerti dan mempertadjamkan sifat-sifat rohani.

c. mempeladjarj kehidoean di tanah lapang oentoeq membangoenkan perasaan tjinta kepada alam.

d. melakoekan ketjakangan dalam pekerdjaan tangan didalam dan diloear roemah dan permainan-permainan lainnja.

e. melakoekan pekerdjaan oentoeq keperloean oemoem.

f. beberapa djalan jang bergoena bagi toedjoean kita.

Lain dari dihadapkan pada ajat a. b. c. d. e. dan f. ini, oesaha kita hanjalah dapat didjalankan dengan memegang azas - azas:

1. Tjara-tjara permainan didjalankan sesoeai dengan:

a. asal oesoelnja anak.

b. tempatnja permainan dikerdjakan.

c. soemangat zaman.

2. Permainan terhadap pada toedjoean tidak dikerdjakan dengan paksa: artinja pemimpin hanja memberi kesempatan kepada anak-anak agar soepaja marea mendjalankan dengan diri sendiri permainan itoe oentoeq memperloekakan lahir-bathinnja.

Dan permainan-permainan pandoe kita didasarkan atas:

1. a. peladjaran terhadap pada kebathinan.

b. peladjaran terhadap pada pemeliharaan badan.

c. peladjaran terhadap pada keperloean oemoem.

2. Pembagian anak-anak dalam doea fihak:

a. kaoem lelaki.

b. kaoem perempuan.

3. Pembagian dari soeatoe-soeatoe fihak anak-anak dalam tiga golongan:

a. anak-anak dari oemoer 8 - 13 taoen.

b. anak-anak dari oemoer 13 - 18 taoen.

c. orang-orang dari oemoer 18 keatas.

Oentoeq mengoesahakan permainan dan keperloeanja saksikanlah dalam kitab PERTOENDJOEKAN PERMAINAN.

Pengoeroes Besar dari K. B. I. Ketoea S. TIRTOSOEPONO.

## FILM DJAKARTA.

(Kalangan P. P. K. D.)

Wonten Djakarta mijnheer Kasima énggal dados populair wonten ing kalangan Katoelik Djawi. Prasasat boten kadjarag toeroes saged tata-tata paring pirantoes satjekapi-poen kanggé ndapoek pandemenipoen P. P. K. D. tjabang Djakarta.

Wonten ing kamaripoen (no. 14) ing Viktoria Hotel Tanahabang, Batavia - C, saged paring rerigen dateng para sadèrèk Djakarta ingkang manoeq glagatipoen katingal seneng njamboet damel.

Margi pandjenenganipoen saged nengani parepatan R. K. D. B. kala 12 Juli, gotrah Katoelik Djawi Djakarta kalijan sawoeng Katoelik Djawi ing Raad Kawoela saged contact.

Ingkang poenika andjalari seneng lan maremipoen kalib-kalihipoen.

Ngèneti pentil-tjabang P. P. K. D. Djakarta prasasat dipoenipoek ing Voorzitteripoen pijambak, sanjata Djakarta kedawahan ndaroe, sami kalijan Bandoeng, ingkang P. P. K. D. - nipoen djoemedoel saking katjasanipoen mijnheer Soetrisna pijambak, bapanipoen P.P.K.D.

Bandoeng, Djakarta, ageng-agengipoen negari ing Djawi kilèn, sampoen mèh sami kadeegan P. P. K. D. toer djinangkoeng saodera kasima lan Soetrisna, sanjata kawontenan, toeval ingkang elok, matis.

### VAN LITH-STICHTING

Saben arta pandjennengan

## 100 SÈN

kaparingna ingkang

## 1 SÈN

dateng V. L. S.

---

Penningmeester V. L. S.  
p/a 2e Convict  
Moentilan N. I. S.

(babagan pamoelangan).

Toemapaking woelan Juli ing kalangan Katoelik babagan piwoelang radi katah kawontenan énggal.

Ing Sw. Tm. ngriki sadèrèk Radjak sampoen ngabaraken kebaki-poen R. K. - A. M. S. ing mèntèng.

Ing Groot Klooster Noordwijk, padépanipoen para Soester Ursulinen, H. B. S. - ipoen wiwit dipoen-stop, dipoensambeti Mulo. Dados taoen 1931-1932 poenika H. B. S. kl. I boten wonten, wontenipoen kl. I Mulo.

Pamoelangan andap kagoenganipoen para Broeder mbikak tjabang énggal ing . . . . Gondangdia (?).

Pamoelangan Melanja ing Kebondjeroek taoen poenika dados volle-dig doemoegi kl. V; (saged oegi badé kaladjengaken kl. VI? awit klasipoen sampoen sedija).

Pamoelangan Stradavereiniging sampoen damel grija pijambak ing Gang Kampoeng Baroe 83, Kebondjeroek, lan wiwit kaenggènan kala 12 Juli; moerid kalih kl. 96.

(babagan panggesangan).

Bab Toko Padang ingkang kerep dipoenseboet wonten Swara Tama ngriki sampoen wiwit ngenggèni tilas grijanipoen roemijin ingkang telas dados awoe, sapoenika sampoen kabangoen tjekli, saé, lan . . . . séwanipoen ing tilas Restaurant Kramat boten katilar; tegesipoen: bibar kabemèn toko Padang boten pedjah, nanging malah petjah dados 2 panggenan toer sami déné adjeg toemawonipoen.

Njata toelada saé, ngégla.

Ing babagan serat kabar, mentas wonten padoedonipoen „Java Bode“ kalijan H. A. A. B. O. (serat minggon ingkang mligi ngemot advertentie).

H. A. A. B. O. poenika tjelakan saking Het Algemeen Advertentieblad voor Batavia en Omstreken, lair kala Mei.

Djoemedoelipoen H. A. A. B. O. poenika oedipoen sampoen toekoel kala taoen 1930. Kala samanten Drukkerij John Kappee lan sanèsipoen sawatawis medal saking Drukkersbond ing Betawi. Let satengah taoen John Kappee damel serat minggon énggal, loegoe ngemot advertentie tok. Lairipoen H. A. A. B. O. poenika kados-kados mèmper wonten Kraman ing madyaning djagad serat kabar ing Betawi, déné ingkang kawedal moeringipoen poen . . . Java Bode. Manoeq kawontenan ingkang sampoen kalampahan, kados Java Bode ingkang ketaton, margi kekatahen panganggènipoen temboeng lan oekara ingkang para, andjalari njoedakaken aosing salira pribadi.

(babagan golongan sanès).

Nalika ingkang njerat poenika damel tèken wonten ing klikaning wit ing goemoek Wilhelmnapark, delah mireng brajat gineman tjara Djawi. Poen Tom toemoelèh, kapanggih kalijan . . . Vice Voorzitter Mohamadiah tevens Voorzitter Jong Islamieten Bond, sadaja af-deeling Batavia.

Prijantoen woe ngendikabade tour-née dateng Palémbang lan ngendikakaken kamaremanipoen magepokan tradjang Mohamadiah ing Djakarta; margi Djakarta doemoegi sapoenika sampoen gadah H. I. S. Mohamadiah 7, lan taksih badé angsal Mulo lan Kweekschool.

Tamansiswa oegi sanget populair. H. I. S. ipoen apes kalih, taksih mawi gadah schakelschool (lan Mulo), sadaja moeridipoen mentes-mentes. Padvinderipoen dados idam-idamanipoen laré ingkang sami soemerep. Mila inggih sampoen nama mapan jèn gotrah lan pangnggilan Katoelik boten ketlompèn prakawis Padvinderij.

Nanging babagan pamoelangan andap kados boten wonten ingkang njoendoel tradjangipoen pamoelangan Neutraal, ingkang damel systeem énggal:

H. I. S. lan H. C. S. katjampoer, lan laré-larènipoen sami angsal woelangan bangsa Inggris. Pakempalan poenika gadah pamoelangan: 16! moeridipoen 3140 lan goeroenipoen (mèh èstri sadaja) 81, pangarsa R. A. Pohan. Sadaja pamoelangan gadahanipoen pakempalan poenika tetapanipoen sami: Neutraal H. I. S. en H. C. S. met Engelsch.

Mila manawi nitik soemabar-lan katingal pamoelangan ing saindenging Djakarta, Meester lan Tandjoeng Prijoek, kaoem Betawi sampoen dados kaoem ngertos pamoelangan. Pamoelangan angka kalih Goepmènan ingkang koela ngertos, 2 tjatjahipoen, klasipoen I lan II sami déné kasplits, lan taksih mawi nolak moerid.

Dados tetemboengan 10 taoen kapengker wong Betawi emoh njekolahaké anaké poenika sapoenika sampoen „boer“.

Dèrèng ngèneti isining pamoelangan-pamoelangan èstri ingkang moeridipoen katah ingkang sampoen mèmper „dames“ lsp. poenika waoe sadaja mratjihnani bilih kaoem Betawi sampoen insjaf, jakin, jèn kepintaran saged menang kalijan tandang-ing krija lan dagang; inggih leres kala-kala tipak raos 10 taenan kapengker taksih asring katingal, oepaminipoen: — é, Aminah nggak sekolah lagi? — (mak ipoen A.)

Tidak, soedah gedé sil!

(A. waoe saweg klas II).

Nanging „tipak“ ingkang makaten waoe 1 % kémawon kados boten wonten.

Sanès dinten gantos programa.

De Regisseur.

Tom.

## DADOSA PEPENGET!

Serat kintoean, boten katanggal Redactie.

Lampahing rah sanalika rikat, sareng koela maos pekabaran saking Wates, kawrat wonten ing Sw. T. no. 31 tanggal 31 Juli poenika. Dasar rah taksih nèm, toer inggih ragi dangoengalami gesang wonten ing Wates. Blakanipoen koela ngroemaosi manawi kadoemoek labet koela; mila . . . ndjingkat! Apesipoen kalépètan pangandika: ora mbedjadi sabril! Ing riki koela kapeksa soepé dateng pari basan Welandi ingkang moengel makaten: „Wie zijn neus schendt, schendt zijn heele aanzicht.“

Koela taksih kèngetan, manawi sadèrèk Arga Pontjol sampoen naté ngandaraken kawontenanipoen kadang Katholiek ing Wates lan kiwa tengenipoen oegi wonten ing Sw. T. ngriki. Kala samanten kadang koela ing Wates taksih dèrèng kraos; tanda jektinipoen boten njoewara minangka djawaban. Malah saodara Oud Koelonprogoer ingkang nangoelang. Wel bedankt! Nanging sapisan poenika Wates tamtoe bramantya. Tamtoenipoen lingsem midanget kagoengan kantja „ora mbe-

## PANGANDIKA DALEM I. S. K. SANTO BAPA LEO XIII.

I. Perloening ngaperloe jèn kaoem berah dipoentoeologi.

a. Wonten prakawis satoenggal ingkang tjeta koela mangertosi sarta sadaja tjang sami tjotjog inggih poenika bilih badé énggal dipoentoeologi pitoeloengan ingkang tjekap toemrap kaoem berah ingkang kangsangan, djalaran kaoem berah wonten sapérangan ageng ingkang gesangipoen ngrekaos lan kebak papa tjintraka boten saking lepatipoen pijambak. (Encyclicle Rerum Novarum 15 Mei 1891).

II. Kasangsanipoen kaoem berah boten kènging dipoensèlaki. Sababipoen warni-warni.

b. Sareng pakempalaning tjang makarja (gilden) ing abad ingkang sampoen kapengker dipoenitjali sarta ladjeng boten wonten sandjata pitoeloeng sanèsipoen, noenten selot-selotipoen, sarèhné jajasaning nagari sarta anger - angeripoen tanpa mawi agaming para loeloehoer, kelampahan margi saking éwah-éwahaning djaman: kaoem berah, ingkang kaetjoelaken lan tanpa tetamèng dados dolananipoen kaoem djoeragan ingkang amek sija sarta tjang ingkang djor-djoran manoeq sakadjengipoen pijambak kabekta saking malakipoen.

Riba ingkang ngrisak-ngrisakaken, ingkang kerep dipoentoeos déning Pasamoewan kaanggep kadoerakan, nanging meksa taksih katindakaken ing tjang ingkang mèlikan lan malak sanadjana rékanipoen nindakaken waoe santon warni, poenika saja damel awoning kawontenanipoen kaoem berah, Ladjeng katambahan: pabrik-pabrik lan mèh sadaja padagangan katjepeng déning tjang sawatawis, andjalari mèh waradin tjang mlarat prasasat dados réntjjang toembananipoen tjang sakedik ingkang soegih lan habandabandoe. (ident).

djadji sabril“, boten kados saodera „Koela tjang Bata enz. Wonten kabar ingkang pinitados manawi mantri goeroe Standaardschool Wates prijantoen djempolan saking Medari. Pangadjeng-adjeng koela moegi ngampil kamedarèn, noenten katanakna wonten ing Wates, noetoepana rainipoen kadang Wates. Sadèrèk Arga Pontjol rak bingah ta, déné pamoedji pandjenengan kaleksanan? Koela samanten oegi!

Nanging . . . . . sadèrèk Bata! koela kalilana ngatoeri nanging. Éman sanget déné pandjenengan nembé sapoenika midanget bilih kagoengan familie ingkang „ora mbedjadi sabril“ dadalem wonten ing Wates! Poenapa boten ngebon oetawo maos Sw. T.? Poenapa boten maos pandoeanipoen sadèrèk Arga Pontjol roemijin poenika? Boten? Lol Katholiek njaroepijahan djare! O, inggih maos? Kok saweg samangké anggenipoen kasdoe tjawé-tjawé, ngoenandika, ndjagong dateng Wates? Pandjenengan poenapa prijantoen énggal wonten ing Bata? Manawi leres makaten, koela atoeri sabar roemijin, sampoen kasesa nglairakan pangéman oetawo pandoea ingkang samanten! Ingkang boten wonten aosipoen saigar-igara!! Panjaroewé pandjenengan poenika taksih aboentoeq pandjang. Koela poeroen aboemoek: oepaminipoen boten wontening pakempalan Katholiek ing Wates.

Menggahing pamanggih koela, wontening pakempalan K. W. oepaminipoen, poenika kedah medal saking para kadang pijambak; dados boten margi saking isin oetawo tiro-tiroe. Manawi pandjenengan ngroemaosi „ora karep wah ora arep“, poenapa pandjenengan inggih toemoet kempalan mlebet warga? Doedoe satrija? Éman, déné sadèrèk koela Katholiek taksih katah ingkang ngagem pamanggih tiro-tiroe oetawo wong kaé sing akon! Tandannipoen: pandjenengan koela atoeri ndjoemenengi parepatan-parepatan ing Ngajodja (P. P. K. D., K. W., P. Laja). Kadang koela ing Wates kala samanten, kilap sapoenika, pirs manawi makaten poenika sanès kandoetan koela. Makaten poenika boten nama koemasis, koeminter sapitoe-roetipoen. Pandjenengan koela sadaja rak goeroe. Pirs kabetahanipoen poenapa déné réka daja kados-poendi katjepenging kabetahan waoe. Pandjenengan boten badé kèwedan mastani: „Warganing pakoempoelan oetawo pakoempoelan ikoe koedoe kaprijé.“

Kadjadi poenika koela inggih poeroen nggagapi boentoeologi pangan-dika „ora mbedjadi sabribil.“ Pangoenandika: sapa sing dadi toewané tamtoe toewoeh. Walèh-walèh poenapa, koela ingkang dados sesepoeh, manawi pandjenengan karsa. Pramila koela matoer makaten, djalaran koela gadah pitakènan: „Sapa sing netepaké dadi toewa.“ Boten

Bezuining badé saja kentjeng.

wonten dawoeh saking nginggil ingkang netepaken koela ngerèh para kantja-kantja. Poenapa kadang koela ing Wates tapi dawoeh jèn kedah nganggèp sesepoeh dateng badan koela? Rak inggih boten, ta? Mangka kanggénipoen djaman sa-poenika djaman ngodi dateng kamardikan. Ingkang roemaos sepoeh, awis ingkang narimah dipoenwas-tanana dahwèn; langka ingkang remen mireng „akoe ora boetoe kowé.” Gela jèn ta dipoenpringnal Roemaos sakit manawi dipoentoe-wak-toewakaken! Idem ingkang ném-néman. Jèn dipoengetaken awis ingkang tarima kasih. Kosok-wang-soel, mandar inggih! Dipoenaroeb-aroehi tindakipoen ingkang njmpang saking leres . . . sakedik ingkang boten doeka. Bawanipoen taksih timoer ngodi dateng kamardikan, kasoepèn bilih ngodi kamardikan poenika gawat sanget, gampil doe-mawah ing „koeminter.”

Mrentoel loediraniipoen, samangsa mireng „Dik, ngaten poenika klin-toe.” Apesipoen lingsem mbokbilih kepotoek sadèrèk ingkang ngatoeri pepèngèt waoe! Mandar katah para ném-néman ingkang ladjeng ngoe-nandika makaten: „Ketemo pirang prakara dadi déké wani ngelikaké akoe; akoe toh ora kebawah ke-préntah. Pastoor apa? Koela poenika inggih nèm waoenipoen, mila njm-panga boten katah. Boten kénging dipoenpaiben, jèn panggali nèm poenika keladoek goemampil tinim-bang pangatos-atosipoen. Ambjoer-ipoen dateng koemloengkoeng lang-koeng gampil, djer taksih sakedik ervingipoen. Samangsa sampoen kebentoes-bentoes kados koela, sa-weg saged soeda kerasing pang-galih.

Amila, nèm lan sepoeh kedah ngertos dateng betahipoen. Liripoen makaten: sampoen ambeg koeminter, boten ambetahaken sétan roban. Kadang ing Bata, poenika anggèn koela ngatoeri: nanging.

Koela matoer noewoen dateng pandjenengan, déné karsa maringi tjemeti dateng gotrah Katholik ing Wates; sanadjan koela pijambak sampoen ontjat saking ngrikoe, nanging ndèrèk ngraosaken pedesipoen. Boten namoeng sadèrèk Wates ingkang kedah roemaos betah, nanging sadaja kadang Katholik, langkoeng-langkoeng para goeroe, poenapa malih Missie.

Kerep kémawon koela mireng panggroendelipoen para kantja goe-roe ing sekolahan Missie; pang-groendel ingkang kirang sajoek ka-lijan kagoeronipoen Missie. Ing rikoe koela ladjeng katoewoehan gagasan, bilih para kantja waoe dèrèng padjeng sabribil geest-ipoen dateng Missie. Manawi tapi dawoeh boten tjoetjog kalijan kersa-nipoen, ladjeng sami anggaroendel oetawi débat. Satoenggaling saksi bilih poeroenipoen njamboet damel ndèrèk Missie boten kabekta saking lebeting Katholikipoen, nanging pados ingkang gampil. Sarèning koewatos kabenoem wonten ing panggénan ingkang boten sekétja ing sadajanipoen, ladjeng kersa oet-awit narimah toemoet Missie. Kersa toewin panarimah ingkang adrijfveer kados makaten poenika boten badé damel soeboering Missie. Wohipoen namoeng ontvredenheid toemrap andahan lan pangangeng. Manawi boten kagoengan nijat mangrasoel krida, mbok inggih sampoen wonten ing Missie, ngistin-isini! Manawi sampoen kersa ngréntjangi Missie, . . . ngilo Medari! Itoe dial! Nog sterker: Wil je Katholik zijn, blijf in 'shemelsnaam Katholik! Weg met de huichelarij en pendokzoekerij!

Tamtoenipoen wonten sadèrèk ingkang ngandika: „Koela waoenipoen dèrèng ngertos dateng pranataning Missie babagan onderwijs.” Dèrèng ngertos rak inggih njoewoen pirsad dateng ingkang wadjib oetawi sampoen nglampahi. Mangké rak pikantoe-k papadang; sampoen namoeng ngejboek kémawon; poenika boten saé toendonipoen. Lepat-lepatipoen pijambak, pangangeng dipoenbalang. Malah wonten sawenèhing kantja ingkang réka-réka badé ngawonten-aken pakempalan sekerdja. Poenapa poenika! Poenapa pandjenengan betah? Tartamtoe boten! Doedoe wongé! Katjihna tjetèk mangrasoel kridané; inggih poenapa boten? Manawi pandjenengan kalijan ingkang njepeng pangowoaos kémawon tak-sih remen oedoer, poenapa malih kalijan kantja, sanadjan langkoeng sepoeh oemoeripoen; ing satemah njèples pangandikanipoen soedara ing Bata: „ora mbedjadji sabribil.” Ing wasana: „wien de schoen past, trekke hem aan.”

Bribil Soembing.

VARIA.

ANA SING NANDANG SOESAH IJA ANA SING BOENGHAH.

Margi koerdanipoen Merapi, ma-éwoe-éwoe sadèrèk koela koekoeban

Doekoen toewin Sroemboeng mbok-manawi taksih wonten sanèsipoen malih, ingkang kasoehan; kadjawi mawoeting banda sapérangan ageng kètjalan sadèrèk ahli warisipoen, kapoendoet koerban ki-Ageng-Merapi. Poenika ingkang soesah.

La sinten ingkang bingah? Sanalika poenika kémawon (nalika sa-weg gègèr-gègèripoén sampoen wonten ingkang mbingahi: kados déné *si ora idèp welas*; tangga teparo lan sanak sadoeloeré pada bingoaeng kaja gabah dèn interi enggoné ngoeng-sèkaké awaké, nganti ora ngélingi samoebarangé; mandar njlinger, sareng katingal sadèrèk lan tangga tepalih sampoen sami mladjeng sadaja ladjeng . . . . ngoekoebi sake-tjepengipoen. Sinten malih ingkang bingah? Kadjawi paréntah inggih koela sadaja sami bingah. Kados-poendi?

Roemijin sadèrèngipoen Merapi koerda margi-margi ingkang dateng padoesoenan nginggil (sanginggil Doekoén) dèrèng patos saé, sareng Merapi koerda, sapoenika kawontenaning doesoén sanginggil Doekoén malih sesipetan. Margi-margi lilis (inggih salilis - lilising paredèn). Ing doekoeh Tjèpèk (Kalibening Doekoén, toewin Windoesari, Doe-koén) dados kota baroe; ing rikoe poenika papanipoen kanggé ngedeg-aken grija - grija énggal kanggé nglin-toni sadèrèk kita ingkang sami kla-haran grijanipoen. Malih ing Doekoeh Goemoek (Soembar Doekoén) oegi dipoenwiti ngedegaken grija-grija malih kanggé njedijani sadèrèk sisih lèr (doekoeh Sisir sapitoeroetipoen) ingkang sampoen dados awoe grija-nipoen. (Tjèpèk lan Windoesari kang-gé sadèrèk siring kidoel (Gemer Sabrang sapangnggil) tjajah molo kirang langkoeng 300. Gandèng lan adegipoen grija ing nginggil-ning-gilan préntah kedah ngoesoengi ka-djeng saeobarampénipoen dateng pa-pan poenika waoe; moerih rantjag toewin énggalipoen pambektaning kadjeng lsp. poenika waoe kaemot ing vrachtauto, mila sanalika poenika margi toewin kreteg - kreteg dados saé; mandar wonten sawatawis ingkang dipoenboog kanti wragad a-toesan saged éwon. La poenika rak nama kabingahan: liripoen saeopami para sadèrèk ngersakaken badé mriksani oet. nginggahi redi Merapi sam-poen katah majar toewin sakétjani-poen. Poenika oegi satoenggingil kabingahanipoen préntah inggih ka-woela. Nalika nindakaken poenika sinten ingkang ngraosaken soesah pa-jahipoen? Inggih pandjenenganipoen prijantoen pangrèh pradja; lang-koeng - langkoeng kanggé pandje-nenganipoen A. W. saandahanipoen ingkang karabasa bawahipoen.

Panjerat njipati pijambak bilih pan-djenenganipoen A. W. saandahanipoen wiwit sadèrèngipoen Merapi ndjebloeg (saweg ndlédak-ndlédèk-aken latoe sampoen montang-man-ting, ngantos doemoegi sapriki roe-maos dèrèng wonten sengganganipoen). Pinten woelan poenika? njamboet damel dipoenlawani. . . . . boten ngétang . . . . . toer sinten daloe; ing salebetipoen 1/2 taoen langkoeng, mangka dèrèng rampoeng babar pisan; éwasamanten boten pikantoe . . . . . mandar sabèn kilap kirang kle-resan poenapanipoen; ladjeng tapi . . . . . „awak ki nèk agèk kodjoer; ora kaja awak, kosok-baliné sing lagi moedjoer; satiba-tibané tansah kebeneran lan olèh . . . . .” mangka temenipoen ingkang saweg keté (tjara dominonipoen) kalijan ingkang moe-djoer dèrèng temtoe menggah bab anggènipoen netepi koewadjanipoen. Boten kok mriani makaten; kirang pitados kénging kasoeloeh-soeloeh-aken oetawi kanjatakaken. Oepami dipoenwastani mriani makaten ing-gih boten badé njèlaki; djer saking roemaos koela pandjenenganipoen A. W. waoe ngerbanaken sarirani-poen saèstoe, laboeh saèstoe; namoeng inggih poenika waoe; „awak ki nèk lagi kodjoer ora kaja awak; dilakonana ketekoer ringkel kok ja ora ana . . . . . ; béda karo sing moe-djoer.”

Aksamanta J. Koes Persesction Mtl.

OERAP-SARI.

KABAR KATHOLIEK.

INDONESIA. SADÈRÈK R. K. DJAWI BANDOENG MANGGHI RAMA PAMOMONG.

(Saking V. J. Soeh.)

Sampoen antawis sataoen, sadèrèk kita Katholik Djawi ing Bandoeng katilar pandjenenganipoen rama pastoe Y. de Roy pindah dateng ing Tjimahi. Sapindahipoen rama kasebat, kita Katholik Djawi Bandoeng ladjeng tanpa pangèn, djer satindakipoen rama Y. de Roy, ing Bandoeng dèrèng wonten rama pastoe malih ingkang saged lan kober ngopèni kita Katholik Djawi, pramila manawi katingal lan karaos-raosaken, ladjeng memelas kawontenanipoen sadèrèk Katholik Djawi Bandoeng.

Ing sapoenika kita Katholik Djawi Bandoeng sampoen radi katingal binjar lan ajem, djer sami roemaos manggih rama malih, ing-gih poenika pandjenenganipoen rama J. J. ten Berge. Leres rawoehipoen rama ten Berge

poenika boten kagem parochie Bandoeng, inggih poenika kagem ing „De Koerier”, éwasamanten rama boten kekilapan, sareng pirsad sadèrèk Katholik Djawi ing rikoe ingkang tanpa pangèn poenika.

Pramila sabèn rama kagoengan wekdal, sanadjan namoeng sakedik oegi, ladjeng rawoeh ing dalemipoen sadèrèk Katholik Dja-wi, saha ladjeng nglempakaken sadèrèk-sadèrèk Katholik sanès-sanèsipoen perloe ne-pang-nepangaken lan ngandikan saperloeni-poen.

Sabèn dinten Rebo sonten wiwit djam 5 doemoegi djam 6, rama kersa paring piwoe-lang agami dateng kita sadaja manggèn ing Zusteran Ursulinen ngagem basa Djawi. Woetjalan ingkang sapisan lan ingkang kaping kalih, ingkang sami rawoeh sampoen katingal radi ngremenaken, ananging koer-sikoer ingkang pantjèn kasedijakaken taksih katingal katah ingkang nganggore, éman!! Mangga sadèrèk kita Katholik ing Bandoeng sadaja koela atoeri ndèrèk woelangan poe-nika. Poenapa boten éman-éman sanget, ma-nawi wekdalipoen rama ingkang mligi sam-poen kakoebanaken kanggé kita waoe ngantos tanpa gina? Lan poenapa boten éman-éman sanget jèn ta paring piwoetjal-ipoen rama poenika ngantos kirang ingkang sami nampèni?

Kadjawi poenika, wiwit 1 Agoestoés 1931 pakempalan Camillus (Camillus-Stichting) jasa pondokan kanggé moerid Katholik priboemi ingkang sinaoe wonten ing kita Bandoeng, manggèa ing Tjijadas. Sadèrèk Katholik Djawi ingkang sami sinaoe won-ten ing kadaster, sampoen wonten 7 ingkang manggèn ing rikoe. Bab prakawis bajaran lan sanèsipoen dèrèng saged ngatoeraken wonten ing riki, prajogi koela atoeri ne-rang dateng rama pastoev van Asseltonk, Pastorie Schoolweg 16 Bandoeng.

„Tamèng Iman” „Perkoempoelan Katholik anak-anak kapal boemio-poetera Koninklijke Marine „Santoe Pauloes,” wiwit taoen poenika sam-poen saged ngedalaken organa pi-jambak, nama „Tamèng Iman” (Ambenganweg 45, Soerabaja).

Margi saking poenika, pers Ka-toelik Indonésia mindak satoenggal „Santoe Pauloes” lan „Tamèng I-man” moegi sami widadaal

Kala-Warti Katoelik „Thabor” santoen nama: „Giri-Sonta”. Gandèng kalijan ébah-ébahanoen tilas pakarjan lan aksi retrèt organipoen tilas nglampahi-retrèt santoen nama: „Gi-ri-Sonta” i. p. namaning grija retrèt pijambak. Ingkang njepeng redaksi-ipoen sapoenika inggih dirèksi-nipoen grija retrèt. Para maos tem-toenipoen taksih pirsad, jèn kala-warti waoe kakintoenaken kanti gratis; nan-ging pitoeloengan sakedik-sakedik inggih kasoewoen sanget. Lan oegi basanipoen dédé Djawi, nanging Wlandi.

Vaticaan inggih oegi sagah nglantarakén. Margi pasoelajan prakawis tepiswiring tangkepipoen nagari Bolivia kalijan nagari Pa-raguay (kalih-kalihipoen nagari ing Amereka Kidoel), mitoeroet B.T.A., badé dados kirang sakétja sanget. Ingkang poenika Vaticaan lan bangsa Amerika-Kidoel sawatawis sami sagah nglantarakén, soepados won-tena bedamèn kémawon.

Nota énggal dateng Mussolini? V. D. ngabaraken, jèn K. S. Bapa sampoen kintoen nota malih dateng Quirinaal; poenika dados nota ingkang kaping pitoe saplokipoen won-ten pasoelajan prakawis Aksi Katolik. Nanging mitoeroet B. T. A. nota waoe sadjatosipoen namoeng paneda katerangan. Déné kawontenanipoen Vaticaan — Itali dèrèng njakétjak-aken.

Encycliek énggal bab Aksi Katoelik. Encycliek poenika serati-poen K. S. Bapa doemateng para pangangenging Pasamoevan Soetjilan tijang Katoelik sadjadag. Dados K. S. Bapa sapoenika ngandika dateng djagad Katoelik. Encycliek waoe medalipoen kala tg. 4 Djoeli. Ing ngandap poenika petikan sawatawis:

Pasoelajan sapoenika poenika dé-né prakawis politiek, nanging prakawis kasoesian lan agami. Anggèni-poen mastani, jèn Aksi Katoelik nindakaken politiek poenikamonoeng kanggé tédèng-aling-aling anggèni-poen badé ngowalaken para né-néman saking Aksi K. lan saking Pasamoevan Soetji. Nanging nggoe-la-wentah poenika dipoenkarsakaken ing Allah lan dipoenrasahaken dateng Pasamoevan Soetji; milaniipoen kedah ndjagi. Gantan nagari, ingkang masrahaken para nénéman wiwit alit doemoegi wajah diwasa wonten ing tanganing nagari poenika soelaja kalijan piwoelang Katoelik lan soelaja kalijan wewenangipoen brajat (familie).

Encycliek waoe roemijiniipoen ka-gijaraken wonten ing djawi kradjan Itali; ladjeng saweg kémawon won-ten ing Roem pijambak. Déné sa-babipoen Tilgram saking Paris dateng „Kölnische Volkszeitung” soeka wangsoelan: „soepados re-geering Itali sampoen ngantos saged ngalang-alangi sakedik-kedik.”

KABAR SOLO.

Schakelcursus Trijasa. Saking ada-adanipoen P.P.K.D., K.W. lan W.K. ing Soerakarta sampoen sa-ged kaedegaken Schakelcursus Tri-jasa. Moerid loemajan. Sinaoenipoen wantji sonten. Bajaran à f 1.25. Boten awrat. Koela poepoedji moe-

Manoet tjatetan, pamedalipoen nagari saja soeda. Salebetipoen gangsal woelan ingkang kapengker (wiwit Djanoewari) pamedal nagari f 195.700.000. Mangka kala taoen kapenker, ing wekdal waoe pikan-toek f 236.600.000. Dados soeda f 40.900.000. (Kasil saking paos soeda f 20.200.0000, monopoli soeda f 4.700.000. lss., sadaja sarwa kirang).

Mangka, manoet tjarijosipoen *Het Nieuws* samboetanipoen inggih mindak. Kala awalipoen woelan Djoeli samboetanipoen namoeng f 150.000.000, doemoegi tanggal 25 Djoeli dados f 152.000.000. Da-dos mindak kalih mljoeen roepijah. Poenapa boten adamel koemedaping manah?

Bokmanawi inggih margi kawon-tenan ingkang boten njakétjakaken manah poenika ing serat-serat ka-bar njarijosaken nagari badé saja angentjengi toemindakipoen bezui-niging.

Pakabaran *Aneta* martosaken, nagari saweg manah damel ordon-nansi asoeraos wiwit Djoeni 1932 prakawis perlop kanggé ingkang bladjanipoen kirang saking f 400 sawoelan, badé dipoentjaboet kang-gé sawatawis wekdal.

Ladjeng, manoet tjarijosipoen *Java Bode*, paréntah ngintoeni serat wi-nados dateng sadaja pangangenging Departement, soeraosipoen kapoerih saja keras anggènipoen anindakaken pangiridan.

Malih. *Sumatera Post* mireng pawartos, manawi kawontenanipoen arta ing taoen 1932 taksih adamel pribatos, bajariipoen poenggawa na-gari badé dipoensoeda 15%.

Manoet katranganipoen wakil paréntah wonten Raad Kawoela, boten mokal manawi para ingkang blandjanipoen kirang saking f 50 tjalon toemoet dipoensoeda.

Makaten, sadèrèk badé saja mo-bat-mobating pedang bezuininging anggènipoen nedya anigas goeloe. Ngeres.

Roemijin sampoen naté koela atoeraken, kerep kémawon regee-ring manawi gadah pikadjeng ing batos mawi wawatun „koedoe ke-lakon”. Ateges: nggega karsané prijangga. Sinten kémawon ingkang boten nglairaken boten saroejdjoek-ipoen manawi nagari anindakaken pangiridan sarana njoedani blandja toewin njopot poenggawa? Nanging, wohipoen, . . . para maos pirsad pijambak. Dados pantjenipoen ma-nawi karembag-rembag saged la-djeng amboseni. Nanging sapoenika poenika, wonten nalar ingkang ke-

dah kamanah, inggih poenika pra-kawis anggènipoen nagari ing semoe badé wentala njowok ingkang bland-janipoen f 50 sapangandap.

Manawi kalampahan toemindak makaten saèstoe, poenapa toeman-doekipoen boten adamel ngrekaosing gesangipoen? Poenapa boten badé nglarisaken lintah darat? Awit, sa-weg sapoenika kémawon wonten pratikipoen blandja f 50 sapangandap poenika boten njekapi kanggé ge-sang.

Saged oegi anggènipoen nagari badé wentala ngoengkret ingkang blandjanipoen sampoen tjoepet poe-nika awawatun palapoeranipoen Radèn Moeljana, kontrolir-pakarjan dateng Kantor Pakarjan. Kontrolir poenika pinatah nitjitékaken pandji klanteng ing djagad priboemi. Pa-lapoeran waoe saged karingkes: ing kalangan priboemi ora ana kang djeneng nganggore temenan, ora bisa mangan lll. Marga boetoehé pan-tjèn satitik, ora nganjih-anjih. Sing akèh ora kok bandjoer ambroek broek tanpa polah, awit pada bisa dadi toekang banjoe, toekang ngla-boer lll. Botjah-botjah sakolah sing ora olèh pagawéjan pada diwènèhi papan lan pangan sadoeloer-sadoe-loeré; pangané wong-wong ija gam-pang baé, moerah ragadé: sega, sambel, gerèh, djangan . . . .

Sampoen mesti kémawon ingkang kagambar ing nginggil poenika ge-sangipoen koeli.

Ing ngingil, koela matoer, saged oegi anggènipoen badé wentala njowok ingkang blandjanipoen kirang saking f 50 poenika mawi angè-ngeti palapoeranipoen R. Moeljana. Manawi njata makaten, dados pa-réntah sami kémawon kalijan tjari-os: „kaé bangsamoe bisa oerip kaja mangkono; mangané saktajandaké; toeroené ndomplèng-ndom-plèng. Dadi jèn kowé sing wis doewé bajar mesti, daksoeda 5—10% baé rak koedoe ora barang-barang; tegesé bisa oerip.”

Poenapa makaten saèstoe gé-gém-bolanipoen nagari? Koela boten mangertos. Namoeung kémawon ma-nawi bédjeng saèstoe badé anin-dakaken poenika, kedah karembag saèstoe kalijan pakempalan-pakem-palan toenggil damel. Dados boten kados ingkang mentas kalampahan poenika.

Pawartos-pawartos ingkang soe-raosipoen badé ngirangi pamedal kita, poenika kadjawi noewoehaken boedi-daja ngemchi, moeji sageda saja anggregoetaken lampah pandje-nengan anggènipoen ngajati gesang sarwa prasadjaja.

Kumuningsaselé 1 Aug. '31. Taklim: Patjar Mérah.

CORRESPONDENTIE.

Saking administratie: *Abn. 389. Mej. P. S. ing G.* malah kang-gé taoen 1931. sampoen loenas babar pisan. *Abn. 512. L. W. Kintoenan wissel f 2.—*, sampoen dangoe katampi. Noewoen.

Saking redactie: Karang-karangan sampoen katampi, Ma-toer noewoen. Saking katahipoen, boten sa-ged njeboet asmanipoen ingkang kintoen. Koet-jiwa déné sami pandjang-pandjang, mangka Sw. Tm. namoeng samanten agengipoen. Mila ladjeng kirang papan. Jèn tanpa alang-an, inggih kapatjak. Manawi sadaja arta abbonemèn mlebet kados samastinipoen lan ingkang ngebon mindak, advertentie mindak, karang-karangan temtoe énggal saged kapa-tjak. Sinten karsa damel propaganda?

Wewahan:

Kala seratan poenika minggah ing pangetjapan wonten kabar radi nga-srep-asrepi. Mriksani Oetap-sari, kabar Indonesia prakawis soedan blandja.

Patjar Mérah.

Sampoen kasedijakaken papan pondokan kanggé laré èstri ingkang sekolah. Sinaoenipoen dipoenolat - oelataken sarta dipoentoentoen. Wragad mondok lan neda: f 15.— HARDJADININGRAT GOENOENG-KETOER — PAKOEALAMAN — NGAJOGJAKARTA.

**M. v. BIENE.**

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

**DJOKJA BANDOENG**  
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja

**SWARA TAMA.**

dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

## Frieling's Glansverf A

(tjèt gilap)

kantoen ngoesar-oesaraken kémawon, teroes kènging kaanggé.

Dipoenwadahi blèg netto	10	5	2 1/2	1	1/2	kilo.
sa - blèg	9.-	4,75	2,50	1,10	0,60	

Kwaliteit (golongan) B, sa - blèg 10 Kilo f 6,50.  
5 Kilo f 3,50.

Frieling's Verflak no. 1 sa - gendoel f 0,90.  
no. 2 " " " 0,70.

Lisah tjèt Walandi " " " 0,50.  
Byta kanggé ngitjali tjèt " " " 0,30.  
Artistico Calcarium sa - Kilo " " " 0,75.

Glansverven (tjèt gilap) saben 100 K. G. angsal soedan 10%.

**R. B. FRIELING**

Pabrik tjèt

HOEKHUIS GONDHOMANAN-SAJIDAN - DJOKJA.

## TOKO MENANG

MADIOEN, SOLO en DJOCJA.

Selamanja sedia:

DRILL POETIH, DRILL KLEUR,

KAMHAR, LAKEN, TRICO,

TJITA - TJITA,

TOPI TOEAN, SAPOE TANGAN,

RENDANG - RENDANG, MINJAK WANGI,

DASI, KRAAG, KOUSEN,

dan laen - laennja.

SEMUEA BARANG BIKINAN EUROPA.

## TOKO DJOEN & Co

TELF. NO. 374.

PATJINAN NGADJENG TOKO FUJI NGAJODJA.

KANTI SAGOENING OERMAT.

Manawi para Prijantoen Kakoeng Poetri ameng - ameng ing Ngajodja, sampoen kesoepèn moendoet

KOEWIH-KOEWIH OETAWI ROTI ing toko koela kanggé angsal - angsal; ingkang wonten ing dalem temtoe ngraos marem, awit roti lan koewih-koewih koela, ingkang pendamelipoen mawi Electricisch, sampoen misoewoer nikmatipoen. Poenapa boten pitados? Mangga koela atoeri njobi, temtoe rena panggalih Pandjenengan.

SANGET NJENJADANG SIH:

Toko DJOEN &amp; Co.

"Joost van den Vondel" ing Amsterdam. Wonten winasis (geleerden) 30, ingkang sami toemoet dados Redaksi. Agengipoen Encyclopaedie waoe wonten 24 boekoe; déné isinipoen badé soeka soemerep dateng para maos, ingkang sampoen dadasar soemrambah (algemeen-ontwikkeld) pamanggih Katoelik ing bab poenapa kémawon, theorie lan praktijk. Bab regi lan sanèsipoen taksih badé katerangkaken malih.

Para maos temtoenipoen boten kekilapan dateng paedahipoen Encyclopaedie kados makaten poenika. Awit poenika rak kènging dipoen-wastani primbon Katoelik ageng-agengan oetawi bibliotheek ringkesan. Mangka djaman sapoenika sinten ingkang nama tinarboeka (ontwikkeld) kedah gadah bibli-otheek, sanadjana alit-alitan. Katholieke Encyclopaedie mawi basa Walandi waoe mesti kémawon badé tinampi mawi tangan kalih déning sadèrèk Katoelik, ingkang boten paham dateng basa mantja sanèsipoen. Ing Parangakik oepamipoen sampoen wonten boekoe ingkang kados makaten: "Dictionnaire Apologétique de la Foi Catholique," "Dictionnaire de la Theologie Catholique" lss.

### NEDERLAND.

**Aksi-katentrem Katoelik kalijan Komprènsi njoewak dadamel.** Ing taoen ngadjeng poenika Volkenbond badé ngwontenaken Komprènsi njoewak dadamel. Mesti kémawon tijang Katoelik ngadjeng-adjeng sagedipoen Komprènsi waoe angsal damel. Tijang Katoelik Wlandi sami sengkoet anggènipoen ngoedi soepados jektos saged kelampahan. Lan aksinipoen sampoen dipoen-toelaraken dateng mantja negari oegi, sarta inggih angsal tanggapan. Déné srananipoen badé ngwontenaken petitionnement, lan sami andjagèkaken pambijantoenipoen organisasi - organisasi sanès. Rantjanganipoen mosi njoengolaken:

- 1) Doemoegi sapoenika sadjatosipoen dèrèng wonten katentreman.
- 2) Sok tijanga langkoeng-langkoeng tijang Katoelik, wadj b ngoedi soepados dadamel poenika kagantosa ing raos adil.
- 3) Kados pangandikanipoen K. S. Bapa Benedictus XV, para pradja negari kedah ngeloni balanipoen sami sanalika.
- 4) Mlèsèding Komprènsi njoewak dadamel ateges sangsaraning donja.
- 5) Amila Komprènsi moetoesana, soepados para negari njoedaa dadamelipoen ingkang moeroegaken poen donja boten tansah oewas malih dateng wontenipoen perang.
- 6) Para wawakil ingkang sami toemoet neng-gani Komprènsi waoe sami èngeta dateng panjowoipoen para rakjat lan dateng awraring sasanggènipoen.

### DJEPANG.

Tijang 600 sami sedinten kabaptis. Ing sekawit kawontenanipoen Katoelik ing Korea (bawah Djepang) boten patos njenengaken;

nanging sapoenika wonten wartos, jèn loemebeting dateng Pasamoean Soetji boten satoenggal-kalih, nanging grombol grombolan (en masse). Wonten tijang 600 tampi Sakramèn Baptis sami sadinten; kadjawi poenika inggih taksih katah ingkang saweg dados magang.

### TIONGKOK.

**Aksi mbéngkas typhus.** Rama Rutten ingkang sampoen karsa ngoerbanaken saliranipoen pijambak babar pisan perloe mbéng - as typhus ingkang nelas-nelasaken ujang wonten ing Tiongkok - Lèr, sapoenika sampoen toemandang; kabantoeng ing dr. Stephen Gadjos, asli saking Honggari, lan dr. Joseph Tehang wedalan saking universiteit - ipoen Rama Jesuët ing Sjanghai lan universiteit ing Leuven. Ingkang dados poesering aksi: Kalgan (Tiongkok-Lèr). Saking ngrikoe mider - mider perloe anindakaken vaccinatie. Serumpipoen wedalan saking Polen. Nanging sapoenika tandonanipoen Rama Rutten sampoen telas; dados ngentosi roemijjin sadatengipoen djog - djogan énggal saking Polen.

Dr. Weigl tjrjos, jèn ing Polen serum waoe nggadahi daja ing salebetipoen 8 à 9 woelan bakda kaetjakaken boten badé katoelaran typhus. Sarèhnè typhus ing Tiongkok - Lèr poenika sami kalijan ing Polen, milanipoen Rama Rutten waoe agakipoen badé angsal damel jektos.

Rama Rutten sapoenika badé damel serum waoe wonten ing Tiongkok pijambak. K.S. Bapa inggih sampoen paring soembangan 65.000 ires.

## KABAR OEMOEM. INDONESIA.

### Padagangan wanita.

Warganing komisi Volkenbond ingkang tinanggenah njatitèkaken prakawis padagangan èstri ing tanah wétan, tanggal 7 Agustus poenika dateng wonten Betawi.

### Prakawis soedan balandja wonten Raad Kawoela.

Wonten Raad Kawoela dinten Slasa toewan Fruin ngadjengaken amendement kanggé begrooting taoen 1932, soeraosipoen soepados soedan balandja toewin standplaats toelage poenika katoemrapaken oegi dateng balandja saantawisipoen f 20 doemoegi f 50. Amendemèn poenika waoe boten dipoentampi. Ingkang moepakat 12 ingkang boten roedjok 39.

Mosinipoen toewan Van Helsing, soeraosipoen neda dateng nagari: tijang ingkang bathipoen katah anggènipoen njowok bajaran kedah langkoeng sakedik; déné katah sakedikipoen soedaning tjowokan poenika goemantoen dateng katah sakediking anak. Mosi poenika katampi. Ingkang roedjok 37, boten roedjok 16.

Toewan Soerasa ngadjengaken

amandemèn soeraosipoen neda soepados wiwit taoen 1932 nagari boten njowok bajaran.

Toewan Fruin ngadjengaken amandemèn soeraosipoen neda tjowokan sampoen kok 10%; 5% kémawon.

Wakil paréntah babagan Finansi toewan van den Bussche atas namnipoen nagari njoekani soemerep amandemèn poenika boten saged toemindak.

Woesananipoen, . . . amandemèn Soerasan dipoentampi ing Volksraad; tjotjog 29, boten tjotjog 26; toewan Fruin, sareng-sareng kalijan toewan van Helsing lan Roep ngadjengaken mosi soeraosipoen neda soepados prakawis soedan balandja boten langkah saking 5%. Mosi poenika dipoentjaboet; boten wonten warga Indoneser satoenggal kémawon ingkang njaroedjoeiki.

### Samboetanipoen negari.

Manoet tjrjosipoen, "Her Nieuws", nalika tanggal 15 Juli poenika samboetanipoen goepermèn ngrikoi wonten 152 millioen roepijah; mangka kala awalipoen woelan djoeli wonten 150 millioen. Dados mindak kalih millioen roepijah.

### S. S. taoen 1930.

Manoet verslag taoen '30 - salebetipoen taoen kapengker angsal-angsalanipoen S. S. (sepoer, bis, hotel f 70.356.133, mangka kala 1929 wonten f 82.738.785, dados soeda f 12.382.652.

Ingkang kawedalaken taoen kapengker f 51.387.238, taoen 1929 f 51.933.708. Déné kaentoenganipoen resiko taoen 1930 wonten: f 12.268.775, mangka ing taoen '29 wonten f 23.926.099 dados soeda f 11.657.324.

### Emas ing Indonesia.

Barang mas-masan ing pagantosan ingkang boten dipoenteboes kala woelan April wonten pangaos f 12.161.729.13, ing woelan Mei pangaos f 11.248.598. Anggènipoen soeda poenika margi wonten barang ingkang ladjeng kaleboer, kasadé dateng Amerika, inggih poenika pangaos f 1.616.159. Saweg poenika barang boer-boeran ing pagantosan ladjeng kaleboer, kasadé dateng mantja.

### Prakawis ngrèmèhaken nabi.

Nembè poenika toewan Witwo, wonten Raad Kawoela miterang poenapa nagari boten badé njerej dateng ingkang tetenger B. margi anggènipoen ngrèmèhaken nabi Moehammad wonten kalawarti Hoa Kiao. Wawakilipoen paréntah soeka katerangan: boten badé kasereg wonten pradata. Poekroel djéndral gadah pamanggih tanpa wonten wohipoen, sanadjan dipoentjepenga. Kadjawi poenika B. waoe sampoen neda pangapoenten. Nanging kanggé wekdal ingkang badé kalampahan, nagari badé mewahi oendang-oendang, ingkang saged ngoekoem tetjatang ingkang toemindak kados B. poenika.

ER  
ER  
CEE  
EE

# Receipt

APOTHEKEN

## Rathkamp

& Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT  
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk:

SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER. HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin. TOURIST: AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk:

RAY - SWIFT - GRUNO - HUMBER - VIALLE - BURGERS E.N.R. - KROON - NATIONAL - BERGKONING. Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moela f 55.-, f 65.-, f 75.- dengan perkakasnja: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak. Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOELAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER. Kalau maoe minta keterangan, akan dikirim keterangan dengan pertjoema.

Mengharap pesenan:

Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij:  
WIRJOSOESENA

LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

### Lebet wedaling dagangan.

Manoet tjatetanipoen kantor statistik salebet poen woelan Juni 1931 barang barang ingkang mlebet ing tanah sabrang wonten 60.712 ton pangaosipoen f 14.056.000 kala Juni '30 f 26.343.000. Barang-barang ingkang kawedalaken ing tanah sabrang 425.057 ton regi f 30.928.000 kala Juni 1930 f 43.724.000. Barang-barang mlebet kanggé tanah Djawi lan Madoera woelan Juni 1931 pangaos f 30.498.000 woelan Juni '30 f 38.400.000 déné ingkang medal ing tanah Djawi lan Madoera waoe kala Juni 1931 wonten pangaos f 31.070.000 kala Juni 1930 f 42.723.000. Manawi kapétang sa-Indonesia, barang mlebet kala woelan Juni '31 f 44.555.000, Juni '30 f 64.743.000 déné ingkang medal Juni taoen poenika f 61.995.000 Juni taoen kapengker f 86.447.000.

P. P. I. I. afd. Solo. Gandèng kalijan badé wontenipoen Congres P. P. I. I. ing Solo, samangké P. P. I. I. afd. Solo sampoen ngratik babadan ingkang kapoerih sedija nampi Congres waoe. Manoet kabar ingkang koela piring ing sekatenan poenika P. P. I. I. badé ngedali Handwerktentoonstelling. 10% ning angsal - angsalan badé kadanakaken dateng Congres Comite.

P. P. P. P. A. lan vrouwentehuis. P. P. P. P. A. afd. Solo manoet kabar ingkang koela piring badé damel Vrouwentehuis, kados déné ingkang sampoen dipoenadani déning Studieclub ing Soerabaja. Moegi-moegi.

Narpa Wandawa in actie. Koela mireng kabar bilih N. W. ing Soerakarta adjak-adjak pakempalan sanès badé ngadani ngawontenaken babadan ingkang badé toemoet-toemoet ngrembag betahing pradja Soerakarta. Sadjak-sadjak grengsenging nijatipoen N. W. waoe oegi wonten gandèngipoen kalijan tjalon madegipoen "Balé Agoeng."

## MANTJA NAGARI.

DJERMAN. Pitoeloenganipoen Amerika.

Katjarijos, kanggé atoetoeloeng dateng Djerman, Amérika badé nglebeti gandoem sarta badé - badé dateng Djerman mawi krédit salebetipoen kalih taoen.

INDO CHINA. Aksi kominis.

Golongan kominis ing Indo-China kawartosaen mentas njebar serat sebaran dateng sadaja enggèn ing papan ngrikoe, soeraosipoen ngodjok-odjoki soepados nglawan imperialisme. Nanging, boten andajani, kawontenanipoen anjap kémawon. Namoeng wonten tijang kalih, tiga ingkang ananggapi damel sosorah wonten Annam, nanging ladjeng dipoenbibraken poelisi.

ITALI. Mussolini lan Gandhi.

Wonten pawartos, Mussolini anjedahi Gandhi manawi sampoeng nggani komprènsi médja boender, soepados ladjeng kampir dateng Roem. Mussolini kapènging sanget saged wawan ginem kalijan sang Gandhi ingkang dipoenggep angloewaraken tanah Hindoestan, sarta ingkang ing djaman sapoenika kalebet panoentoen kotjap.

HINDOE. Baékotaning tanah Hindoe.

Pambantoenipoen "De Locomotief" martosaken saking Soerabaja bilih ing rika wonten pawartos ing Indija bawah Inggris badé wonten baékotan toemrap sadaja barang saking sadjawining nagari. Kalebet oegi gendis saking tanah Djawi. Manoet katranganipoen "Sin Po" pantjen inggih wonten poetoesan makaten, nanging poenika namoeng toemrap palaboehan tiga ingkang boten patos ageng ing Poenja, dados sakedik dajanipoen. Poetoesan makaten waoe bokmanawi gandèng kalijan boedi daja kabangsan anggènipoen ngadjengaken gendis ing rika.

FIRMA MERDEKA  
WÉTAN STATION NGABÉAN - DJOKJAKARTA.

Soedah sedia bekakas roemah:

tempat tidoer, bultzak, lemari, medja, koersi,  
semoea bikinan dari Indonesia betoel,

barang baik harga pantes,

dan bisa beli dengan

huurkoop.

Djoega trima persenan medja sekolah dengan harga

moerah, dan sedija toekang bultzak boeat bikin betoel

bultzak goena didatangkan dimana tempat.

Tarief onkost toekang bultzak dengan harga kain.

Bultzak no. 1. oekoeran 2,30 x 1,90 satoc stel 2 goeling 4 bantal f 10,50

" no. 2. " 2,20 x 1,60 " " 2 " 4 " f 9,50

" no. 3. " 2,10 x 1,30 " " 1 " 2 " f 7,-

" no. 4. " 2,- x 1,15 " " 1 " 2 " f 6,-

" no. 5. " 2,- x 1,- " " 1 " 2 " f 5,50

Pesenan bikin betoel bultzak bisa kirim soerat lebih doelo,

dengan diterangkan pandjang lebarnja tempat tidoer.

Hormat Saia

Eigenaar: R. A. SASTRODIHARDJO.